



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON KONPLÈS RECHÈCH NEWOSYANS  
LABORATWA COLD SPRING HARBOR LA KI KOUTE 57 MILYON DOLA**

***Pwojè a pral sipòte pwogrè nan rechèch biyomedikal***

***30 milyon dola nan investisman eta a amelyore endistri syans lavi k ap grandi  
nan Long Island***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon Konplèks Rechèch Newosyans (Neuroscience Research Complex) Laboratwa Cold Spring Harbor (Cold Spring Harbor Laboratory) la ki koute 57 milyon dola nan Long Island. Laboratwa Cold Spring Harbor la pral antreprann konstriksyon yon nouvo devlopman sou twa ekta ki gen ladan twa bilding rechèch modèn ki pral lokalize sou kanpis Laboratwa Cold Spring Harbor a nan fwontyè konte Suffolk ak Nassau. Konplèks Rechèch Newosyans ki mezire 36,437 pye kare a pral avanse pwogrè syantifik Laboratwa Cold Spring Harbor la nan domèn maladi newodejeneratif, fizyoloji sèvo ak kò, biyoloji kantitatif, ak entèlijans newo-atifisyèl. Inogirasyon jodi a make kòmansman konstriksyon pou Konplèks Rechèch Newosyans lan, ke yo prevwa ki pral fini disi desanm 2025. Empire State Development (ESD) ap sipòte pwojè sa ak yon sibvansyon kapital 30 milyon dola nan kad finansman Pwogram Envestisman Transfòmatif ki te atribye pou Long Island lan.

"Avèk investisman estratejik sa yo, n ap solidifye pozisyon rejyon sa a kòm yon pisans pou endistri syans lavi a epi n ap konstwi pwochen gwo sant inovasyon isit la nan Long Island", **deklarasyon Gouvènè Hochul**. "Travay Laboratwa Cold Spring Harbor la sitiye nan pwent rechèch biyomedikal epi, gras ak yon investisman enpòtan Eta a, nouvo etablisman sa a pral pèmèt li reyalize nouvo avansman enteresan nan newosyans. Isit la nan Eta New York, nou angaje nou pou devlope travay ak biznis nan lavni la epi asire eta nou an rete konpetitif nan ekonomi 21èm syèk la."

"Empire State la angaje li pou l fè Long Island premye sant inovasyon nan syans lavi a nan peyi a", **deklarasyon Gouvènè Adjwen Antonio Delgado**. "Inogirasyon Konplèks Rechèch Newosyans jodi a pral sipòte rechèch medikal ki pral mennen nan medikaman ak tretman k ap amelyore lavi ki pral amelyore lavi Nouyòkè yo nan Long Island ak atravè Eta a."

Rechèch Laboratwa Cold Spring Harbor la enpòtan anpil nan efò pou mennen inovasyon ak dekouvet nan rechèch biyomedikal. Syantis nan Konplèks Rechèch Newosyans yo pral konsantre sou rechèch medikal pou amelyore sante moun, ki enkli konesans ak katografye dyagram kablay sèvo imen an. Teknoloji inovan sa a pral gen yon enpak pwofon sou alafwa twoub newolojik devlopman yo tankou otis ak maladi newodejeneratif yo ki gen ladan yo maladi Alzheimer ak maladi Parkinson yo. Faz adisyonèl nan pwojè devlopman an pral gen ladan yon bilding dedye Newo-AI, espas pou reyinyon ak pwogram edikatif, ak yon etablisman tèl terapetik pou kansè nan pankreyas.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "ESD fyè pou l sipòte nouvo konplèks enteresan sa a, ki pral avanse rechèch dènye kri ki pral fè avanse endistri syans lavi rejyonal ak nan tout eta a men, sa ki pi enpòtan, amelyore lavi chak jou moun k ap souffri ak maladi newodejeneratif yo. Lè nou investi estratejikman nan pi bon resous nou yo, tankou Laboratwa Cold Spring Harbor la, n ap ede trase yon avni ki pi an sante epi ki gen plis espwa pou New York".

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye sipòte enstitisyon vizyonè Long Island yo ki pyonye rechèch inovatè ki chanje lavi moun. Travay nan Konplèks Rechèch Newosyans Laboratwa Cold Spring Harbor la pral ranfòse koridò rechèch Long Island lan epi poze fondasyon pou nouvo dekouvet eksitan ki gen pou vini yo."

**Senatè Eta Jim Gaughran te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Delgado paske yo te bay lidèchip pou asire Laboratwa Cold Spring Harbor la ap pwospere epi Long Island kontinye rete yon sant rechèch inovan pou nasyon an."

**Manm Asanble Charles D. Lavine te deklare,** "Avèk investisman enpòtan sa a nan Laboratwa Cold Spring Harbor la, Gouvènè a ap bay yon lòt fwa ankò yon egzanp sou angajman li pou pwogrè syantifik enkwayab k ap fèt isit la nan Long Island."

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) lan, Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union te deklare,** "Nou ap inogire jodi a pou yon Konplèks Rechèch Newosyans ki vrèman transfòmatif, nan yon kote ki depi lontan rete dekouvet ak rechèch syantifik revolisyonè. Konplèks sa a pral ranfòse kapasite sèvo CSHL ki deja enpresyonan pou li itilize dekouvet ki pral asire lidèchip kontinyèl Long Island nan endistri syans lavi a epi fè kontribisyon dirab nan byennèt tout moun ki abite isit la, ak odela."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Laboratwa Cold Spring Harbor la, Bruce Stillman, te deklare,** "Pwochè fwontyè rechèch nerisyans lan sou pye nan CSHL. Isit la, lidè nan newosyans yo ap katografye ak sikui neral yo ki gen rezolisyon elve nan sèvo a k ap adopte nouvo apwòch nan entelijans atifisyèl. Mwen ta renmen remèsye

Gouvènè adjwen Delgado ak Eta New York pou sipò kontinyèl yo bay CSHL. Sa ap ede asire ke Long Island rete yon tè ki fètil pou inovasyon nan syans ak teknoloji."

Fonde an 1890, Laboratwa Cold Spring Harbor la se youn nan sant dirijan nan mond lan pou rechèch biyomedikal e li te fòme rechèch ak edikasyon biyomedikal kontanporen ak pwogram nan kansè, newosyans, biyoloji vejetal ak byoloji kantitatif. Pandan plis pase 130 ane, syantis CSHL yo te fè anpil dekouvèt enpòtan ki gen konesans avanse epi ki te pote yon konpreyansyon pwofon nan domèn ki divès tankou kansè, idantifye premye jèn kansè, dekouvri chanjman jenetik ki bay otis, fonksyonman sèvo a, ak apwòch matematik nan biyoloji. Pwogram rechèch CSHL yo atake kèk nan pwoblèm ki pi difisil sosyete a ap fè fas, tankou maladi Alzheimer ak maladi Parkinson, enpak kansè nan fizyoloji kò a, ak avanse entèlijans atifisyèl lè yo bati sou konpreyansyon sou fason entèlijans natirèl nou an devlope.

Atravè investisman estratejik, New York ankouraje kreyasyon avansman dènnye kri nan rechèch ak devlopman biyomedikal. Endistri syans lavi ak endistri biyoteknoloji yo te vin tounen yon motè kwasans pwisan pou Eta New York, ki fè rejyon kle nan eta a vin nan sant syans lavi dinamik ki gen ladan òganizasyon ak enstitisyon ki dedye a divès etap rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Konplèks Rechèch Newosyans Laboratwa Cold Spring Harbor la pral kontribye nan rechèch ak devlopman nouvo inovasyon syantifik ak medikal epi akselere ekonomi syans lavi lang Long Island k ap grandi a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418